



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, JETBLUE, SÈVIS VWAYAJ CUBA ANONSE VÒL AFRÈTMAN DIRÈK SOTI NEW YORK POU LAHAVANE

Misyon Komèsyal Eta New York nan Kiba Pozisyone JetBlue kòm premye transpòtè kap fè vwayaj ale retou Cuba

Gouvènè Andrew Cuomo te rejwenn avèk JetBlue Airways, transpòtè ayeryen New York™, ak patnè afrètman li, Cuba Travel Services, jodia pou anonse yon nouvo vòl kap soti New York pou LaHavane, Kiba. Etap enpòtan sa fè JetBlue vini premye gwo transpòtè pou anonse yon nouvo vòl nan Kiba apati New York depi restriksyon vwayaj yo pa twò lontan de sa te vin asoupli.

Sèvis afrètman elaji a vini apre misyon Komèsyal Gouvènè a nan Kiba, kote Gouvènè a, ansanm avèk PDG JetBlue CEO Robin Hayes ak lòt lidè biznis New York yo, te mennen yon dyalòg pou konekte biznis New York yo a nouvo opòtinite nan Kiba.

“Inisyativ Global NY ak misyon komèsyal nou an nan Kiba yo tout se osijè ouvèti pòt pou nouvo opòtinite ekonomik, e anons enteresan JetBlue jodia se prè ke apwòch nou an ap bay rezilta pou biznis New York yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou dirije youn nan premye misyon komèsyal nan Kiba kòm Etazini retabli relasyon diplomatik yo, nou plase biznis Eta New York yo devan liy pou nouvo pèspektiv nan Kiba, sa ki pral anretou sipòte travay ak aktivite ekonomik isit la lakay. Mwen felisite PDG JetBlue Robin Hayes pou lidèchip li nan fè JetBlue vini premye gwo transpòtè pou anonse yon vòl dirèk soti New York pou ale Kiba nan nouvo epòk sa ant peyi nou yo.”

Cuba Travel Services ap ofri vòl la ki opere pa JetBlue, nan vandredi apati Ayewopò Entènasyonal New York John F. Kennedy (JFK) pou Ayewopò Entènasyonal Havana José Martí (HAV) apati 3 jiyè 2015. Vwayajè yo ta dwe fè aranjman dirèkteman avèk Cuba Travel Services (www.cubatravelservices.com).

Cuba Travel Services, yon transpòtè founisè sèvis prensipal otorize, kwè ke elajisman rezo vòl li pral bay vwayajè ki gen lisans yo plis opsyon vwayaj a ba pri. Sèvis adisyonèl la ofri kliyan yo opsyon vwayaj adisyonèl pou vwayaje Kiba apati New York san reta koneksyon oswa depans vwayaj lokal anplis pou konekte nan Florid.

“Nou apresye angajman Gouvènè Cuomo pou l dirije yon diskisyon sou wòl Nouyòkè yo ka jwe nan Kiba,” te deklare Robin Hayes, prezidan ak ofisye egzekitif anchèf, JetBlue. “Misyon komèsyal Gouvènè a ap ede pozisyone JetBlue kòm transpòtè ayeryen prensipal nan Kiba. Lè yo fè ekip avèk yon patnè afrètman ki gen eksperyans tankou Cuba Travel Services, premye vòl nou apati JFK a Kiba pote prim gayan eksperyans JetBlue a kliyan vwayaj Kiba yo e li ofri opsyon vwayaj dirèk apati New York, kote anpil Kiben ap viv jodia.”

Zòn metropoliten New York gen dezyèm pi gwo popilasyon nan Etazini apre Florid.

JetBlue sèvi tout vòl afrètman yo nan Kiba sou Airbus 150-plas A320, e li pral ofri sèvis prim-gayan ayeryen prezante syèj konfòtab; Fly-Fi gratis, entènèt laj bann ki pi rapid nan syèl la; mak kolasyon konplemantè ilimite ak bwason ki pa gen alkòl; pwogramasyon DIRECTV® gratis andirèk ak 100+ chanèl SiriusXM® radyo nan chak chèz; ak plis espas pou janm nan akomodasyon vòl ekonomik (baze sou yon mwayèn espas chèz yo nan tout flòt konpayi ayeryen Etazini yo).

“Nou kontan anpil pou n fè patenarya avèk yon lòt transpòtè prestijye tankou JetBlue,” te deklare Michael Zuccato, manadjè jeneral nan Cuba Travel Services. “Yon dezyèm wotasyon JFK pral bay opsyon adisyonèl pou vwayajè yo nan zòn twa eta ansanm avèk pasaje kap fè koneksyon yo ki prefere yon ouvèti de New York a Kiba. Nouvo patenarya sa pral bay kliyan nou yo bon

jan kalite sèvis ke yo te devlope avèk abitud Cuba Travel Services nan yon pri ki pi konpetitif.”

Avèk adisyon vòl New York-Havana, JetBlue pral fè senk vòl ale retou nan Kiba, enkli vòl apati Tampa (TPA) ak Fort Lauderdale (FLL) avèk diferan patnè afrètman. Kiba yon jou pral jwe yon wòl enpòtan nan Rezo Karayib JetBlue anjeneral, yon rejyon kote JetBlue se pi gwo konpayi ayeryen. Konpayi ayeryen an te kòmanse vole nan Kiba pou konpayi afrètman yo nan 2011.

**Orè ant New York ak
LaHavane vandredi apati 3 jiyè 2015:**

JFK – HAV	HAV – JFK
12:00 p.m. – 3:30 p.m.	4:30 p.m. – 8:00 p.m.

Enfòmasyon sou Cuba Travel Services

Cuba Travel Services Inc. fè aranjamn, vòl afrètman chak jou san zarè ant Etazini ak Kiba e li jwenn lisans ki soti nan U.S. Treasury Department's Office of Foreign Assets Control (OFAC) kòm Konpayi Ayeryen otirize yon founisè sèvis ki spesyalize pou vwayaj nan Kiba. Yo ofri aranjman sèvis vwayaj konplè a moun, gwoup, fanmi, edikatè, etidyan, pwofesyonèl ak òganizasyon yo, anba lisans spesifik oswa jeneral ki emèt pa Office of Foreign Assets Control. Pou jwenn lòt enfòmasyon, tanpri ale sou:

www.CubaTravelServices.com oswa rele 1-800-963-CUBA (2822).

Enfòmasyon sou JetBlue Airways

JetBlue se konpayi ayeryen New York TM, e li se yon transpòtè prensipal nan Boston, Fort Lauderdale- Hollywood, Los Angeles (Long Beach), Orlando, ak San Juan. JetBlue pote plis pase 32 milyon kliyan pa ane nan 88 vil nan Etazini, Karayib, ak Amerik Latin avèk yon mwayèn 825 vòl chak jou. Lòt destinasyon ki pral vini yo gen ladan: Reno-Tahoe, Nev. nan dat 28 me; Grenada nan dat 11 jen 2015 ak Albany, N.Y. nan dat 10 desanm 2015. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite JetBlue.com.

*JetBlue ofri plis espas pou janm nan akomodasyon vòl ekonomik (baze sou yon mwayèn espas chèn yo nan tout flòt konpayi ayeryen Etazini yo.

KONTAK POU MEDYA YO
JetBlue Corporate Communications
Tel: +1 718 709 3089
corpcomm@jetblue.com

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418